



Mesay Levanjil-la – *Silvouplè li sa yo:*

- Jenèz 1 Nan konmansman, Bondye kreye syèl la ak latè a
- Women 3:23 Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a
- Jan 8:34 Jezi reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Tout moun ki fè peche, se esklav peche yo ye.

Bondye te kreye nou men nou pa konnen li epi nou separe ak li poutèt nati pache nou an. Lavi nou san Bondye pa gen sans ni bi. Konsekans (pri pou peye pou) peche nou se lanmò, Alafwa espiryèl ak fizik. Lanmò espiryèl vle di separe ak Bondye. Lanmò fizik la menm se fen kò a. Si nou mouri nan peche nou yo, n'ap separe pou tout tan ak Bondye epi fini nan lanfè. Kouman nou ka sove tèt nou nan peche nou yo epi tounen vin jwenn Bondye? Nou pa ka sove tèt nou paske li pa posib pou yon moun ki se yon pechè sove pwòp tèt pa li (menm jan yon moun k'ap nwaye pa ka sove pwòp tèt li). Ni lòt moun pa ka sove nou paske nou tout se peché (yon moun k'ap nwaye pa ka sove yon lòt moun k'ap nwaye tou, tou 2 bezwen èd). Nou bezwen yon moun ki san peche (se pa nwaye) pou sove nou anba peche nou yo. Sèl yon moun san peche ka sove nou. Kouman nou ka jwenn yon moun san peche nan yon mond chaje ak peche kote tout moun peche?

- Women 6:23* Peche peye nou kach: li ban nou lanmò; men kadò Bondye ban nou gratis la, se lavi ansanm ak Jezikri, Seyè nou an, yon lavi ki p'ap janm fini.
- Jan 3:16* Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an.
- Matye 1:23* Men li, jenn fi a pral ansent, li pral fè yon pitit gason. y'a rele l' Emannwèl. (Non sa a vle di: Bondye avèk nou.)
- Jan 8:23* Jezi reponn yo: Nou soti anba, mwen menm mwen soti anwo. Nou se moun tè sa a, mwen menm mwen pa moun tè sa a
- Mak 1:11* Li tandè yon vwa ki soti nan syèl la ki di: -Ou se pitit mwen renmen anpil la. Ou fè kè m' kontan anpil.
- Jan 8:36* Si Pitit Bondye a ban nou libète, n'a lib tout bon.
- Jan 3:3* Jezi reponn li: Sa m'ap di ou la a, se vre wi: Pesonn pa kapab wè Pèyi kote Bondye Wa a si li pa fèt yon dezyèm fwa.
- Jan 1:12* Men, sa ki te resevwa l' yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye

Bondye ki te kreye nou epi renmen nou anpil, bannou solisyon an. Nan gwo lanmou Li pou nou, Li voye pwòp Pitit Li, Jezi, mouri pou peche nou yo. Jezi pa gen peche paske Li pa soti nan mond lan, epi, pandan Li te sou tè a, li te pote vikwa sou tantasyon dyab la pou fè Li fè peche. Lavi Li fè Bondye plezi nan syèl la. Jezi te pran peche nou yo epi li te mouri sou kwa a pou peche nou yo. Li se sovè lavi nou (Jezi kapab sove nou paske Li pa t'ap nwaye).



Entensyon Jezi lè l' mouri sou kwa a se peye pri peche nou yo epi, konsa, wete peche nan nou epi restore relasyon nou ak Bondye ki te kraze. Nou vin vivan de lanmò esprityèl nou te ye a (separasyon ak Bondye) atravè pouvwa Bondye a. Nouvo relasyon sa a rele fèt yon lòt fwa. Sa a mete nou nou plan kreyasyon ak egzistans lan ankò epi bannou vrè siyifikasyon ak bi pou nou viv.

Jann 11:25 Jezi di li: Se mwen menm ki leve moun mouri yo, se mwen menm ki bay lavi. Moun ki mete konfyans yo nan mwen, yo gen pou yo viv menm si yo rive mouri.

Women 6:9 Nou konnen Kris la te leve soti vivan nan lanmò, li pa gen pou l' mouri ankò; lanmò pa gen okenn pouvwa sou li.

Travay 2:24 Men, Bondye fè l' leve vivan ankò, li delivre l' anba doulè lanmò a paske se pa t' posib pou lanmò te kenbe l' anba pouvwa li.

Women 14:9 Paske, Kris la te mouri, apre sa li leve soti vivan ankò pou l' te kapab Mèt tout moun, ni moun vivan yo ni moun mouri yo.

Travay 1:11 Dezòm yo di yo: Nou menm, moun Galile, poukisa nou rete la ap gade syèl la konsa? Jezi sa a ki fèk sot nan mitan nou an pou moute nan syèl la, li gen pou l' tounen menm jan nou wè l' moute nan syèl la.

Kisa ki pwouve ke Bondye nan syèl la aksepte sakrifis Jezi lè l' mouri pou peche nou yo? Prèy la se Bondye ki fè Jezi leve soti vivan nan lanmò. Reziyasyon an pwouve ke Jezi te pote viktwa sou lanmò (Pou nou di li nan lòt mo, lanmò pa gen pouvwa sou Li). Kounye a, poutèt sa, paske Jezi vivan, nou ka viv tou. Lavi li nan nou bannou lavi. Menm jan an, paske Li te resisite, Li vivan jodi a.

Jan 5:24 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Yon moun ki koute pawòl mwen, ki mete konfyans nan moun ki voye m' lan, l'ap gen lavi ki p'ap janm fini an. Yo p'ap kondannan li. Li deja soti nan lanmò, li antre nan lavi.

Jan 10:9 Se mwen menm ki pòt la. Moun ki pase nan mwen pou antre, la sove. La antre, la soti, la jwenn manje pou l' manje.

Jan 14:6 Jezi reponn li: Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pesonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen.

Jan 8:24 Se poutèt sa mwen di nou, n'ap mouri nan peche nou. Wi, nou gen pou n' mouri nan peche nou si nou pa kwè mwen se moun mwen ye a.

Travay 4:12 Se li menm sèl ki ka bay delivrans paske Bondye pa bay non okenn lòt moun sou latè ki kapab delivre nou.

Women 10:13 Se sa ki ekri nan Liv la: Nenpòt moun ki rele non Met la gen pou jwenn delivrans.

Women 10:11 dapre sa ki ekri nan Liv la: Nenpòt moun ki mete konfyans yo nan li p'ap janm soti wont.

Women 2:11 Paske, Bondye pa gade sou figi moun.



Women 3:22 Se lè moun mete konfyans yo nan Jezikri Bondye fè yo gras. Li fè l' pou tout moun ki kwè nan Kris la, paske yo tout se menm.

Women 10:9 Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Seyè a, si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè l' leve soti vivan pami mò yo, wa sove.

Kouman peche nou yo ka efase epi resevwa nouvo lavi sa a ? Nan kwè nan Jezi kòm Seyè ak Sovè nou. Si nou kite chemen peche nou yo epi rele Jezi pou padonnen nou epi sove nou, L'ap fè sa. Jezi se pitit Bondye ki te vini nan mond lan pou mouri pou peche nou yo.

Kèlkeswa moun sou latè ki mete lafwa yo nan Li ap resevwa padon nan men Bondye, y'ap sove anba peche yo (ak lanfè) epi resevwa nouvo lavi nan men Bondye. Bondye montre li pa nan pati pri. Peyi n'ap viv, lang nou pale, rich oubyen pòv, gason oswa fanm, jenn moun osinon granmoun, kèlkeswa lòt diferans fizik – okenn pa fè Bondye brannen. Tout moun ki kwè epi konfese Jezi ap sove. Sa ki vin apre a se yon priyè ou ka fè si ou deside swiv Jezi :

Bondye nan syèl la, mèsì paske Ou voye yon sèl Pitit Ou a pou mouri pou peche mwen yo, pou mwen ka sove epi genyen yon nouvo lavi nan syèl la. Mwen kite vye chemen mwen yo epi mande padon pou peche mwen yo. Mwen kwè nan Jezi epi resevwa Jezi pou Seyè ak Sovè m. Ede m epi gide m pou m ka viv yon lavi ki fè w plezi nan nouvo lavi ou banm nan. Amèn

Si ou te fè priyè anwo a, mande Bondye pou montre w yon legliz pou ale. Toujou pale ak Bondye nan lapriyè epi Bondye ap pale ak ou tou. Tande vwa Bondye. Bondye ap gide w. Li renmen w epi l'ap pran swen w. Ou ka kwè nan li. Li pa janm neglije sa yo ki kwè nan li. Bondye se yon bon Bondye. Ou ka kwè na li. Ou ka depann de li pou lavi w. Pote bezwen w yo ba Li. Li sousye de ou epi l'ap beni w. Bondye di : « Mwen p'ap janm kite nou, ni abandonnen nou. » Kwè nan Bondye. Beni pa mwayen Jezi.

Toujou li bib la, kòmanse nan liv Jan. Pou plis resous entènèt, [klike la](#).